

## Soxna Aysatu Mbàkke-Kajoor

[Page 157]

Lii ab tēnk la ci dundug

Soxna Aysatu Mbàkke Bintu Seexul Xadiim.

Soxna Aysatu Mbàkke-Kajoor mi ngi gane jamono ci dēkk bu ñuy wax Pataar ci atum 1878. Waajuram wu góor moo di Seexul Xadiim. Waajuram wu jigéen moo di Soxna Faati Samba Jóob, doomi Aminta Njaga, doomi Soxna Hafsatu Mbàkke, doomi Sëriñ Ahmadu Soxna Buso Mbàkke, doomi Maam Maharam Mbàkke. Mi ngi nàmp ci meenum Jaafuñ. Moom ak Sëriñ Muhammadu Abdullaahi Mbàkke ñoo bokk lépp. Wax nañu ne mook Soxna Faati Ja soreewuñu ag gane jamono. Maam Sëriñ Moor Anta Sali moo ko feral ci Mbàkke-Kajoor. Am njàngam: Sëriñ Tuubaa moo ko jàngal Alxuraan ak xam-xamu Shariya yi. Ak yaroom: mi ngi yaroo ci diggànte maamam yu baax yooyu ñu lim ak Sëriñ bi. Ku Sëriñ bi fonkoon la lool. Sëriñ baa ngi ko denkoon nijaayam ju ñuy wax Sëriñ Medun Penda Jóob, doomi Soxna Ndumbe Xari mi bokk ak

[Page 158]

Soxna Aminta Njaga ak Soxna Faati Isa lépp. Mu am fa ñaar ñu ñuy wax Soxna Faati Jóob; mi ngi gane jamano 1902, ak Soxna Xari Jóob, mi ngi gane jamono 1904. Wax nañu ne ñoom ñaar ñii la Sëriñ bi njékka gis ci ay sëtam. Ñoo mag ci sëti Sëriñ bi. Ay jikkoom: wax nañu ne ku niroowoon Sëriñ bi la ci ay jikko lool. Jëmm itam niroowoon na ko Sëriñ bi lool. Fonkoon na Alxuraanul Kariim lool. Dëddu àddina lool. Ku woyof la woon. Ku am

njariñ la woon ci nit ñi. Daan na waxtaane Sëriñ bi lu bari. Daan ci nàmptal  
taalube yi. Te daawu ko yàqal liggéeyub këram ngir doxewul woon  
cër bi ko Yàlla jox. Looloo waraloon Sëriñ bi boolewoon ko ak  
seex yi mu dendaloon ñuy yamale seeni mbir ci moom. Wax leen:  
“sama doom loo teg ci loxoom, ci sama loxo nga ko teg.” Bokk na ci  
seex yooyu ku ñuy wax Sëriñ Daawuda Njaga Degen Jóob  
ak ñeneen ñu mel ni moom. Ba tax na bim fiy joge, bàyyi na fi ñent  
fukki ndongoy laxasaay. Kon nga xam ne bokk na ci jigéen yi njékka

[Page 159]

Seex ci yoon wi. Ku Sëriñ bi doyloowoon la ci yar njaboot gi  
ak toppotoo ag mbokk. Bariwoon na lool ay turandoo. Wax nañu ne  
Sëriñ bi tudde na ko kenn ci ag njabootam. Ne nañu sax Soxna  
Aysatu Gaawaan la. Naka noonu itam, njabootug Sëriñ bi ñu bari  
tudde nañu ko ay doom ngir teel gi mu teela wuyuji Boroomam.  
Ku jaxasoowoon la ak ñoom. Rawatina nak Sëriñ Muhammadu Lamiin  
ngir Mbàkke-Kajoor gi ñu dëkkoon, ak Sëriñ Basiiru itam  
ndax daan na ñów Njaarém lu bari di fa fekk Sëriñ Basiiru. Nekkoon na  
ba tey jigéenub Sëriñ Fàllu. Daan na ko toppotoo këram ci yu bari.  
Ba tax na Soxna Mbeen yi ngay dégg ci waa kër Sëriñ Fàllu  
moom lañu leen tudde. Sëriñ Abdu Lahad itam, ñu bari ci njabootug  
Sëriñ bi, bu daan joxe seen tur moom lay wax ñu tudde ko ko. Ag  
wuyuji Boroomam 1914 ci Mbàkke-Kajoor. Sëriñ bi jox ndigal  
Maam Cerno mu taxawu ko. Ñu denc ko ca Mbàkke-Kajoor.  
Lii daal ci ab tēnk moom lañu andiwoon ci ab dundam.

[Page 160]

Yàgg gii jóge moo tax lu bari ci moom rëcc. Waaye lii nu andi  
doy na ci ku ko bëgga roy. Ku ko settantal mëna gis ci moom  
ay jikko ak ay melo yu mata roy. Yal na nu Yàlla taas ci barkeem  
te yokk ay ngërëmam aki leeram bi barakati wālidihā wa shaykhihā  
raḍiya l-Lāhu ‘anhumā.